

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1. Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa pakakas komunikasi papada jalma sabab ngaliwatan basa manusa bisa nepikeun sagala rupa gagasan, ide, amanat, perasaan jeung kahayangna sakumaha nu dijéntrékeun ku Sudaryat (1991:1) yén basa téh nya éta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntep seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi.

Saperti nu geus disebutkeun di luhur, fungsi basa (Sunda) nu pangpentingna nya éta keur komunikasi, tegesna keur nepikeun eusi pikiran, rasa, kahayang jeung sarupaning pamaksudan ka nu lian ku sistem lambang sora nu arbitrér. Basa diwangun ku dua lapisan nya éta wangun jeung eusi. Dina wangun ngawengku dua tahap, nya éta wangun gramatik, (katatabasaan) nu ngawengku wacana, kalimah, klausa, frasa jeung morfem. Lapisan eusi mangrupa harti atawa ma'na. Wangun katatabasaan dipaluruh ku tata basa nu ngawengku 1) sintaksis, nu maluruh adegan wacana, kalimah, klausa, frasa, jeung 2) morfologi nu maluruh adegan morfém jeung kecap (Sudaryat, 1995:5)

Basa ogé mangrupa salah sahiji unsur budaya sarta sakaligus jadi unsur wahana dina mekarkeun budaya. Basa anu jadi objék linguistik rakét patalina jeung unsur

budaya lianna. Ku kituna linguistik rakét patalina jeung paélmuan lianna, di antarana aya élmu tanda (semiotik). Charles Morris (1946), nétélakeun yén sémiotik téh ngawengku sintaksis, semantik, jeung pragmatik.

Sintaksis maluruh patalina unsur-unsur basa, semantik maluruh patalina unsur basa jeung objék nu dimaksud, sarta pragmatik maluruh patalina unsur basa jeung pamakéanana atawa kontéksna (Scarle, spk, 1980:vili)

Salah sahiji bidang kajian basa nu ditalungtik nya éta ngeunaan pragmatik. Numutkeun Crystal (1989:83), pragmatik mangrupa ulikan anu matalikeun adegan basa jeung makéna basa. Pragmatik ngulik perkara kondisi umum komunikasi basa atawa ulikan perkara bagbagan makéna basa luyu jeung kontéks situasina.

Panalungtikan ngeunaan adegan pragmatis kalimah pananya nepika kiwari can aya nu ngulik. Sanajan buku-buku ngeunaan pragmatis geus loba ngan can aya nu medar ngeunaan pragmatis kalimah pananya hususna dina buku kumpulan carpon *Ajalna Sang Béntang Pilem* karangan Duduh Durahman.

Buku kumpulan carpon *Ajalna Sang Béntang Pilem* karangan Duduh Durahman mangrupa salah sahiji wacana tinulis nu eusina runtuyan carita anu kalimah-kalimahna bisa dianalisis dumasar kana tiori-tiori katatabasaan. Di antarana ngeunaan pragmatis kalimah pananya nu luyu henteuna jeung kontéks katut situasina.

Dumasar kana masalah di luhur ngeunaan pragmatik kalimah pananya, kalayan judul “*Adegan Pragmatis Kalimah Pananya dina Kumpulan Carpon Ajalna Sang Béntang Pilem* karangan Duduh Durahman.” baris dianalisis.

## **1.2 Watésan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watésan Masalah**

Ulikan pragmatik téh nyoko kana morfologi, fonologi, semantik jeung sintaksis. Pragmatik bisa diwujudkeun ku kalimah jeung wacana.

Kusabab kajian pragmatis téh kawilang lega, ieu panalungtikan diwatésanan kana kalimah pananyana tina segi pragmatis wungkul, nu aya dina kumpulan carpon *Ajalna Sang Béntang Pilem* karangan Duduh Durahman.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Aya sawatara masalah nu perlu dirumuskeun ngeunaan struktur pragmatis kalimah pananya. Éta masalah téh bisa dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handa :

- 1) Kalimah pananya naon waé nu kapanggih dina kumpulan carpon *Ajalna Sang Béntang Pilem* karangan Duduh Durahman
- 2) Kumaha adegan pragmatis kalimah pananya dina éta kumpulan carita pondok?

- 3) Kumaha ma'na pragmatis kalimah pananya dina éta kumpulan carita pondok?
- 4) Kumaha tahapan pragmatis kalimah pananya dina éta kumpulan carita pondok?

### **1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Panalungtikan**

Patali jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan mibanda sababaraha tujuan nya éta médar jeung ngadéskripsikeun adegan pragmatik kalimah pananya tina kumpulan carita pondok “*Ajalna Sang Béntang Pilem*” karangan Duduh Durahman. ngawengku hal-hal ieu di handap:

- 1) Mikanyaho kalimah pananya naon wae nu kapanggih dina kumpulan carita pondokl *Ajalna Sang Béntang Pilem* karangan Duduh Durahman.
- 2) Adegan pragmatis kalimah panyana
- 3) Mikanyaho ma'na pragmatis kalimah pananya dina éta kumpulan carita pondok.
- 4) Mikanyaho tahapan pragmatis dina éta kumpulan carita pondok

#### **1.3.2 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan mibanda mangpaat :

- 1) Méré pangaweruh ngeunaan pragmatik kalimah pananya nu aya dina kumpulan carpon “*Ajana Sang Béntang Pilem*” karangan Duduh Durahman.
- 2) Nambahan pangaweruh ngeunaan kabahasaan, hususna pragmatik kalimah pananya nu bisa dipaké pikeun bahan pangajaran basa Sunda.
- 3) Bisa dipaké pikeun ngeuyeuban kaidah-kaidah tata basa nu geus aya.
- 4) Bisa dipaké pikeun tinimbangan para guru dina nyusun sumber bahan pangajaran.

#### 1.4 Anggapan Dasar

Ieu panalungtikan dumasar kana sababaraha anggapan dasar nya éta:

- 1) Pragmatik mangrupa ulikan anu matalikeun adegan basa jeung makéna basa  
( Crystal ; 1989:83)
- 2) Kumpulan carpon “*Ajalna Sang Béntang Pilem*” karangan Duduh Durahman loba maké kalimah pananya.
- 3) Carita pondok nya éta carita fiksi atawa rékaan anu relatip pondok anu mibanda sifat-sifat naratif, maksudna nyaritakeun kajadian-kajadian jeung para palakuna..
- 4) Kalimah Pananya (interogatif) nya éta kalimah anu eusina nanyakeun hiji perkara ka jalma lian sarta miharép responsi nu mangrupa jawaban.

### 1.5 Landasan Tiori

Pikeun medar jeung nganalisis pragmatis kalimah pananya, tiori nu digunakeun aya sababaraha hiji nya éta : “*Struktur Kalimah Pragmatis Dalam Bahasa Sunda* (Drs. H. Abud Prawirasumantri), *Ulikan Wacana Basa Sunda* (Drs. Yayat Sudaryat, M.hum), *Bagbagan Makena Basa Sunda* ( Karna Yudibrata, Agus Suriamiharja, Iskandarwassid)

### 1.6 Wangenan Operasional

Sangkan teu nimbulkeun pamahaman nu lian, ieu di handap baris dipédar wangenan ngeunaan kécap-kécap nu dijadikeun judul panalungtikan.

- 1) Adegan (*structure; struktur*), nya éta wawangunan. Adegan basa mangrupa organisasi unsur-unsur basa anu dumuk pola jeung hartina; ilaharna runtuyan unsur-unsurna diatur maké pola anu ngaruntuy, linéar, atawa sintagmatis.
- 2) Pragmatis, nya éta ulikan anu matalikeun adegan basa jeung makéna basa
- 3) Kalimah nya éta wangun gramatik maksimal anu mangrupa bagian pangleutikna anu ngandung harti lengkep tina hiji wacana, anu diwatésanan ku randéngan panjang tur ngabogaan léntong pamungkas turun atawa naék, sarta sacara rélatif éta wangun gramatik téh bisa mandeg mandiri.

- 4) Kalimah pananya nya éta kalimah anu eusina nanyakeun hiji perkara ka jalma lian sarta miharep responsi nu mangrupa jawaban. Dina basa tulisan ditungtungan ku tanda pananya (?), jeung ari dina basa lisan ku lentong.
- 5) Carita pondok nya éta carita fiksi atawa rékaan anu relative pondok mibanda sifat-sifat naratif, maksudna nyaritakeun kajadian jeun0g para palakuna..

